



	Pre-K	K	1 <sup>st</sup>	Transfè ki Soti nan lòt Eta Pou Premye Fwa	Transfè ki Soti nan lòt Eta Pa Pou Premye Fwa	Transfè ki Soti nan Lòt Depatman Men nan Eta a	Transfè Prive oswa Piblik ki Soti nan Depatman an
1. Batiste legal ki moutre dat nesans, non paran oswa prèv laj akseptab dapre Lwa nan Florid ( <i>Gade #1 pi ba a</i> )	X	X	X	X	X	X	
2. Egzamen Fizik nan lespas 12 mwa ou te enskri pou Jaden Danfan oswa premye ane k'ap antre nan Lekòl nan Florid ( <i>Gade #2 pi ba a</i> )	X	X		X	* Gade #2	* Gade #2	* Gade #2
3. Sètifika Vaksinasyon nan Florid (fòm DH 680) ( <i>Gade #3 pi ba a</i> )	X	X	X	X	X	X	X
4. 2 prèv kote w rete ( <i>Gade #4 pi ba a</i> )	X	X	X	X	X	X	X
5. Fòm retrè ak fòm transfè lekòl timoun nan te ye anvan an ( <i>Gade #5 pi ba a</i> )							X
6. Timoun nan dwe gen 5 ans nan jou oubien avan dat premye septanm. Pa gen elèv k'ap antre anvan laj sa a.		X					
7. Timoun nan dwe gen 6 ans nan dat premye Septanm oswa anvan dat sa a. Elèv la dwe fin fè Jaden Danfan. Yo ka pran elèv la nenpòt ki moman diran lane lekòl la.			X				

## 1. PRÈV DAT NESANS

Si premye prèv la pa disponib, yo ka aksepte prèv ki vin apre a nan lòd yo bay pi ba a.

- (1) Yon relve dosye batistè ki ranpli dapre lalwa;
- (2) Yon sètifika batèm paran an siyen ki montre dat nesans ak kote timoun nan te batize a;
- (3) Yon kontra asirans vi pou timoun nan (omwen ki gen 2 lane);
- (4) Yon dokiman bibliik konsènan nesans timoun nan k'ap gen avèk li yon deklarasyon sou sèman paran an;
- (5) Yon paspò oswa sètifika rantre nan peyi Etazini ki montre laj timoun nan;
- (6) Yon rapò dosye laj timoun nan ki parèt nan kanè lekòl li (omwen 4 lane anvan aplikasyon an)
- (7) Si w pa ka bay okenn nan prèv sa yo, ou dwe bay yon deklarasyon sou sèman paran an, ak yon sètifika nesans yon reprezantan sante piblik oswa yon doktè siyen; oswa, si okenn ladan sa yo pa disponib nan depatman an, yon doktè lisansye Direksyon Jeneral la deziyen kapab ba w yon sètifika ki di reprezantan sante a oswa doktè a te egzaminen timoun nan e li kwè laj ki nan deklarasyon sou sèman an kòrèk.

## 2. EGZAMEN FIZIK

Yo egzije egzamen fizik sèlman lè timoun nan fèk ap antre nan lekòl Florid **sof si** se nan Preskolè l'ap antre pou premye fwa, **oswa** si yo pa ka jwenn kopi orijinal egzamen fizik la. Egzamen fizik ki fèt andeyò Depatman an oswa andeyò Eta a yo akseptab. Yo mande yon fòm egzamen fizik ki gen evalyasyon sistèm kò ou ak paraf doktè a. Si dokiman an gen dout, tanpri wè enfimyè lekòl ou a. **Kopi orijinal egzamen fizik la dwe soti nan lekòl ou te ye anvan an. Si yo pa resevwa l apre yo te fin voye l, ou dwe bay yon nouvo.**

## 3. VAKSINASYON

Ou dwe pran fòm egzonerasyon relijye (fòm DH 681) nan yon klinik nan Depatman Lasante leta. **Yo ka itilize transfè elektwonik enfòmasyon vaksinasyon yo; sepandan, yo dwe transfere tout enfòmasyon yo. Yo pap aksepte yon nòt ki di genyen yon sètifika vaksinasyon.** Elèv yo kapab antre lekòl ak yon Egzonerasyon Medikal Tanporè (DOH 680 – Pati B), (DOE kòd 2), depi li poko ekspire. **Yo pap kite elèv ki pa anrèg ak lwa vaksinasyon yo nan lekòl la.**

#### 4. PRÈV KOTE W RETE

2 prèv rezidans dwe soti nan **2 KATEGORI DIFERAN**, jan yo bay li pi ba a. Chak prèv DWE gen non ak adrès kote w rete kounye a ladann.

- Resi kay ou lwe oswa kontra kay ou an fèmen, dokiman ipotèk oswa dosye taks pwopyete w.
- Yon bill kouran, gas, dlo, cable, entenet, oswa bill telefon kay la ki pi resan
- Kat Elektoral ou gen kounye a, kat idantifikasyon State of Florida
- Prèv benefis gouvènman ap ba ou **Kounye a** (*Medicare, Disability, Food Stamps, lèt DCF voye*)
- Lisans valab pou kondi nan Florida, Enskripsyon machin, Kat asirans machin

#### 5. RETRÈ AK TRANSFÈ

Fòm retrè ak transfè dènye lekòl elèv la te ye a. Fòm sa a dwe gen non, adrès, nimewo telefòn ak faks lekòl sa a.

#### ELÈV KI LEKÒL LAKAY YO

Tout elèv ki lekòl lakay yo k'ap patisipe nan aktivite akademik oswa atletik nan lekòl leta dwe obeyi ak regleman pou antre nan Lekòl nan Depatman Polk la yo

#### ELEV KAP VIV NAN SITYASYON KOTE YO PA GEN KAY POU YO RETE.

**Elev kap viv nan sityasyon kote yo pa gen kay pou yo rete (sanzabri)** Elev ki pa genyen yon stab lokasyon kote pou yo domi chak nwit -sa enkli elev ki: (1) Ap viv ak yon fanmi oswa nan hotel akòz de sityasyon ekonomik (2) Ap viv nan shelter (3) ap viv nan lari. Elev nan kondisyon sa yo ka pap ka bay prev yo mande pou yo enskri a. Yo kappa enskri pandan yap cheche dokiman yo. Rele Ben Ruch dou nimewo 863-457-4709 ext. 683 pou asistans.

#### Koleksyon Nimewo Sosyal

**Florida Statute 1008.386** di, "Chak Distri Lekol dwe mande pou nimewo sosyal chak elev ki enskri nan lekòl piblik nan state la" An ako ak la lwa, distri a sevi ak nimewo sosya say o pou rezon enpotan tankou idantifikasyon elev yo, dokiman pou iniversite, avek lot pwogram edikasyon state ak federal, tankou manje gratis nan lekòl la, pwogram depatman sante, Medicaid/Medicare, bous detid, avek okasyon finansial aid. Lew prezante kat sosyal pitit ou a oswa yon kopi, li satisfè demand sa. Pou protekte idantifye elev yo, lekòl la ak distri a pran tout prekosyon ki nesese pou nimewo sosyal la pa tonbe nan men moun ki pa otorite . **Li pa yon obligasyon pou elev la bay nimewo sosyal li kom yon kondisyon pou li enskri oswa gradye.**

## Kondisyon Vaksinasyon 2019-2020

Vaksinasyon	Pre-K	K	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
1. <b>MMR</b> (yon dòz)	X													
2. <b>MMR</b> (2 dòz)		X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
3. <b>POLyO</b> (3-5 dòz)	♦♦♦	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
4. <b>DTP/DTaP</b> (5 dòz)	♦♦♦	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
5. <b>Tdap</b> (yon dòz)									X	X	X	X	X	X
6. <b>Td or Tdap</b>														
7. <b>Seri Epatit B</b> (3 dòz)	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
8. <b>Hib</b>	X													
9. <b>Varisèl</b> (yon dòz oswa prèv ki siyen ou te gen varisèl la)	X													X
10. <b>Varisèl</b> (2 dòz oswa prèv ki siyen ou te gen varisèl la)		X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	

**X** Vle di vaksinasyon ki obligatwa pou chak klas

**Yo mande pou yo mete timoun ki pa satisfè lwa sou vaksinasyon an deyò nan lekòl la.** (Vaksinasyon yo bay 4 jou anvan pi ba limit espas pou elèv la pran vaksen yo oswa anvan laj pou l genyen pou l pran yo a ap konte kòm valab.) **Sa yo se obligasyon vaksinasyon pou tout nouvo elev avek elev ki doublé klass.**

- MMR** (yon dòz): Elèv la dwe deja pran vaksen kont saranpyon, malmouton ak Lawoujòl Alman lè l te rive nan laj yon lane oswa apre yon lane
- MMR** (2 dòz): Pi pitit entèval ant 2 dòz MMR se 28 jou.
- POLYO** (3-5 dòz): **Jaden Danfan:** Si timoun nan pran katriyèm dòz polyo li anvan l gen kat (4) lane, li dwe pran yon senkyèm dòz polyo pou l antre nan klas Jaden Danfan.  
**Soti 5èm ane pou rive nan 12èm ane:** Si timoun nan te pran twazyèm dòz polyo li lè l te gen twa (3) zan oswa apre laj twa zan, li pa bezwen pran yon katriyèm dòz.  
Timoun nan dwe pran dènye dòz seri vaksen polyo a lè l gen kat (4) lane oswa apre laj sa a, kèlkeswa kantite dòz li te pran deja.
- DTP/DTaP** (5 dòz): Si timoun nan te pran katriyèm dòz DTP/DTaP li lè l te gen laj kat (4) lane oswa apre laj sa a, li pa bezwen pran yon senkyèm dòz. Yo konsidere elèv ki gen ant 7 e 12 lane (anvan klas 7èm ane) yo konplè ak twa (3) dòz e ak yon evalyasyon Enfimyè Lekòl la k'ap travay nan Depatman Lasante a ap fè.
- Tdap** (yon dòz): Yon dòz Tdap obligatwa pou elèv k'ap antre, refè oswa k'ap transfere nan 7èm ane, 8èm ane ak 9èm ane. Elèv sa yo kapab pran vaksen Tdap la kèlkeswa nan entèval yo te pran dènye vaksen Td a.
- Td or Tdap:** Tdap se egzijans pou tout elev kap fe klass 7 – 12.

8. **Hib:** Kantite dòz vaksen Hib pou yo bay yon timoun varye selon laj timoun nan. Si timoun nan te depase 15 mwa lè l te pran premye vaksen sa a, y'ap ba li yon sèl dòz.
9. **Varisèl** (yon dòz oswa prèv ki siyen ou te gen maladi a): Elèv la te dwe pran vaksen varisèl la lè l te gen yon lane oswa apre yon lane
  - ◆◆◆ Elèv ki nan Pre-K (Preskolè) dwe deja koumanse seri vaksen sa a, e yo gen yon sètifika vaksenasyon pou vaksen sa yo.

**Sètifika Vaksinasyon (DH 680):** Fòm DH 680 an pap nan papye KOUKLÈ BLE ankò. Kounye a yo kapab fè kopi fòm nan sou papye blanch, depi se nan Sistèm Rechèch sou Entènèt Lasante nan Florid la (FL SHOTS) yo fè kopi sa a. Fòm DH 680 ki ekri alamen yo toujou nan papye ble, men sa pral chanje pa lontan, lè rezèv fòm ki fèt ak papye ble yo fini.

FL SHOTS se rejis vaksinasyon gratis Eta Florid gen sou entènèt la, kote tout lekòl ak gadri kapab gen aksè ladann. Pou plis enfòmasyon konsènan enskri pitit ou nan FL SHOTS, vizite [www.flshots.com](http://www.flshots.com) oswa rele nan 1-877-888-SHOT.

FL SHOTS gen yon Sit tou pou Paran Antre nan Dosye Pitit yo, kote yo kapab fè kopi fòm DH 680 sètifye a nan òdinatè lakay yo. Paran ap sèlman gen aksè nan dosye pitit pa yo apre biwo direktè a ba yo yon nimewo Idantifikasyon pèsonèl (PIN) espesyal. Fòm nan legal e li valab pou yo admèt timoun nan lekòl ak nan gadri, e yo kapab fè kopi li nan papye blanch regilye.

Ou dwe ranpli yon fòm **Egzonerasyon Medikal Tanporè (DOE code 2)** k'ap gen ladann dat l'ap ekspire (fini). Si dat ki ladann nan pase oswa si w pat ranpli l, sètifika a pa valab, alò elèv la pa dwe nan lekòl la. Regleman sa a aplike pou tout fòm Egzonerasyon Medikal tanporè, kèlkeswa klas la. Lekòl yo dwe kontwole elèv ki antre ak Egzonerasyon Medikal Tanporè, e mete elèv sa yo deyò lè sètifika yo pa valab ankò, si yo pat prezante yon nouvo sètifika.

Yo aksepte **Egzonerasyon Reliye (fòm DH 681)**. Ou dwe pran yo nan yon Klinik Depatman Lasante Leta.

*Enfòmasyon pi wo a yo se yon gid pou lekòl ak pèsonèl ki pa medikal itilize kòm referans rapid. Pou enfòmasyon medikal konplè, kontakte yon doktè oswa "Immunization Guidelines for School and Childcare Centers" (Gid Vaksinasyon pou Lekòl ak Sant Gadri). Disponib nan sit: <http://www.immunizeflorida.com/schoolguide.pdf>*